

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Ajén moral dina karya sastra mangrupa sawangan kana ajén bebeneran anu rék ditepikeun ka aprésiator ngaliwatan hasil karyana, anu euyeub ku pesen-pesen moral anu raket patalina jeung sipat-sipat luhung kamanusaan. Éta ajén moral téh ngawengku pituduh sikep jeung paripolah, boh anu patali antara hubungan manusa jeung Allahna, hubungan manusa jeung manusa, manusa jeung lingkunganna, boh tanggung jawab manusa salaku mahluk pribadi.

*Wawacan Ratu Déwi Maléka* mangrupa karya sastra buhun anu dijieu dina wangun tinulis anu bisa dijadikeun bahan pikeun nambah pangaweruh dina widang sastra.

Hasil analisis *Wawacan Ratu Déwi Maléka* téh ngawengku fakta carita (palaku, latar, jeung galur) jeung ajén moral.

Palaku anu ngalalakon dina ieu wawacan dibagi jadi tilu, nya éta palaku utama, palaku kadua, jeung palaku panambah pikeun ngalengkepan carita. Palaku utama dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka* nya éta Ratu Déwi Maléka jeung Ki Abdul Adim. Anu jadi palaku kadua nya éta Ki Patih, Raja Kahot, jeung Ratu Istri. Sedengkeun nu jadi palaku panambahna nya éta Raja Salalim (Raja nu kahiji), Ketib Sodikin, Pahulu, Ulama, Santri, Pandita, Bopati, Wadana, para Nyai, Ketib Modim, Raja Balba, Juragan, Ki Sémah, Rai, Sayid Raup, Dalem Kanti.

Latar nu aya dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka* nya éta latar tempat jeung latar waktu. Latar tempat dina ieu wawacan nya éta Karajaan/Nagara Erum, imah, buruan, bumi, Nagara Mesir, paséban, Kastama, masigit, pancaniti, jeung kadatun. Latar waktu dina ieu wawacan nya éta opat taun, beurang peuting, opat poé opat peuting, jeung poé Rebo. Latar suasana dina ieu wawacan nya éta hariwang, bungah, ngambek, watir, tenang, deudeuh, jeung sedih

Galur nu aya dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka* nya éta galur mérélé, dimimitian ku ngawanohkeun palaku utama nya éta Ratu Déwi Maléka putra Raja Salalim nu geus jadi Raja sabab Ramana wafat. Geus opat taun lilana Déwi Maléka jadi Raja ngaganti ramana nu geus wafat.

Raja nyarita yén manéhna boga sual nu lobana saratus nu kudu dijawab ngeunaan kaagamaan dina kahirupan sapopoé. Raja kacida benduna sabab euweuh nu bisa ngajawab éta sual. Tapi ahirna sual-sual éta téh bisa kajawab ku hiji santri ti Kastama, Mesir, nya éta Ki Abdul Adim. Nu ahirna Ratu Déwi Maléka ditikah ku Ki Abdul Adim sarta Karajaan Erum katut eusi-eusina dipasrahkeun ka manéhna.

Pupuh nu digunakeun dina ieu wawacan nya éta pupuh Asmarandana, pupuh Pangkur, pupuh Dangdanggula, pupuh Sinom, jeung pupuh Kinanti. Pupuh nu digunakeun dina ieu wawacan lolobana teu luyu jeung watek sabenerna tina éta pupuh. Guru lagu jeung guru wilanganana ogé lolobana teu sarua jeung patokan anu geus ditangtukeun.

Tina *Wawacan Ratu Déwi Maléka* kaungkab rupa-rupa ajén moral, nya éta adil aya 1 (0,9%), ambek aya 5 (4,4%), bakti aya 10 (8,9%), birahi aya 4 (3,5%), éra aya 1 (0,9%), gesit aya 4 (3,5%), getol aya 4 (3,5%), hadé omong aya 6

(5,3%), hadé pikir aya 2 (1,7%), handap asor aya 5 (4,4%), hayang nyaho aya 1 (0,9%), hormat aya 3 (2,6%), ma'siat aya 3 (2,6%), miharep aya 1 (0,9%), ngahukuman aya 1 (0,9%), ngaku éléh aya 1 (0,9%), ngayakinkeun aya 6 (5,3%), ngélingan aya 1 (0,9%), nurut aya 1 (0,9%), panceg pamadegan aya 4 (3,5%), pasrah aya 8 (7,1%), pinter/cerdas aya 10 (8,9%), poékkeun aya 1 (0,9%), sabar aya 3 (2,6%), sadar aya 4 (3,5%), satia aya 1 (0,9%), soméah aya 2 (1,7), sopan aya 1 (0,9%), suhud aya 2 (1,7%), sukur aya 3 (2,6%), takabur aya 1 (0,9%), téga aya 1 (0,9%), teges aya 5 (4,4%), teu takabur aya 1 (0,9%), jeung yakin aya 9 (8,0%).

Dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka* anu ngandung ajén moral nu positif atawa hadé tina 207 pada aya 103 indikator atawa aya 88,8%, sedengkeun anu ngandung ajén moral nu négatif atawa goréng tina 207 pada aya 13 indikator atawa aya 11,2%.

Dumasar kana sipatna, ajén moral téh dibagi jadi dua, nya éta ajén moral nu sipatna vértikal jeung ajén moral nu sipatna horisontal. Ajén moral nu sipatna vértikal aya 22 (23,4%), sedengkeun ajén moral nu sipatna horisontal aya 72 (76,6%). Katitén yén indikator ajén moral nu sipatna horisontal leuwih loba tibatan indikator nu sipatna vértikal.

Ditilik tina cara pangarang nepikeun éta indikator, ajén moral téh aya anu diungkarakeun sacara nyamuni (implisit), aya ogé anu diungkarakeun sacara nembrak (éksplisit). Indikator ajén moral diungkarakeun sacara nyamuni (implisit) aya 16 (17%), sedengkeun ajén moral anu diungkarakeun sacara nembrak (éksplisit) aya 78 (83%).

Indikator ajén moral nu aya dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka* nu pangmindengna muncul nya éta bakti aya 10 (8,9%), pinter/cerdas aya 10 (8,9%), yakin aya 9 (8,0%), jeung pasrah aya 8 (6,5%). Anu pangsaeutikna muncul nya éta ajén moral ngeunaan adil, éra, hayang nyaho, miharep, ngahukuman, ngaku éléh, ngélingan, nurut, poékkeun, satia, sopan, takabur, téga, jeung teu takabur. Éta indikator téh kabéhanana aya 1 (0,9%).

Dina 207 pada, ngan aya 116 (56,0%) indikator ajén moral nu kaungkab dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*.

## 5.2. Saran

Satutas nalungtik ajén moral dina tokoh *Wawacan Ratu Déwi Maléka*, aya sababaraha hal anu kacida perlu ditepikeun minangka saran.

1. *Wawacan Ratu Déwi Maléka* eusina euyeub ku ajén-ajén moral. Anu maca bisa nyokot hikmah tina kajadian nu kaalaman ku tokoh, yén kalakuan anu hadé salawasna baris dibales ku kahadéan, sabalikna lamun lampah anu cidra baris meunang ganjaran saluyu jeung kagorénganana. Cindekna ieu wawacan euyeub ku ajén-ajén nu bisa dijadikeun picontoeun atawa pieunteungeun. Ku kituna, ieu wawacan bisa dijadikeun salasahiji alternatif pangdeudeul pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra Sunda di SMP jeung SMU/SMK, siswa keur meumeujeuhna néangan jati diri, sangkan ulah kabawa ku sakaba-kaba, ulah owah gingsir, sangkan moral masarakat urang Sunda bisa hadé.
2. Panalungtikan ngeunaan naskah-naskah Sunda beuki dieu beuki saeutik, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa leuwih dironjatkeun deui, sabab eusi

wawacan jembar ku ajén-ajén kahirupan tur loba pisan élmu pangaweruh anu saupama ku urang diguar tur dilarapkeun dina kahirupan tangtu loba pisan mangpaatna pikeun urang.

3. Dina ieu panalungtikan, disusun kalawan satékah polah tur dibarung ku kadariaan, nepi ka hasilna ngajanggélék sarupa kieu. Tangtu bakal leuwih hadé saupama aya panalungtik séjén anu ambahana nalungtikna leuwih ti hasil ieu panalungtikan, saperti nalungtik ajén moral lain baé tina unsur intrinsikna wungkul tapi ogé tina unsur ékstrinsikna, atawa dipatalikeun jeung naskah-naskah Sunda kuna séjénna. Ku kituna dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi motipasi pikeun panalungtik séjénna pikeun ngeuyeuban kakurangan tina ieu hasil panalungtikan.